


# Pwojè Ranplasman Pon MBTA ki Pase sou West Roxbury Parkway



## Sa k ap pase?

MassDOT ap ranplase Pon West Roxbury Parkway

a. Pon an kouri anlè Liy Tren Pasaje MBTA  
 Needham la, epi l ap montre siy deteryorasyon kounye a. An konsekans, gen enspeksyon regilye ki fèt sou pon an. Kounye a, sikilasyon an redwi nan yon vwa nan chak direksyon, pou sekirite. Gen baryè tanporè ki ranplase glisyè ki manke sou pon an, ak ranpa pou pwoteje chimen pou tren anba a.

Pwojè sa a pral

- Ranplase pon kote West Roxbury Parkway pase a
- Pote amelyorasyon nan trafik ak nan sifas wout la
- Ranplase siyal nan entèsekson Belgrade Avenue a

## ¿ Ki konsekans sa pral genyen pou mwen?

Travay pandan lajounen pral fèt ant 7:00 a.m. ak 3:30 p.m. pandan lasemenn, avèk pwolongasyon ki ka rive jiska 9:00 p.m. lè sa nesesè. Travay pandan lannwit pral fèt ant 9:00 p.m. ak 5:00 a.m. lè sa nesesè.

**Konsekans pou Kominote a:** MassDOT ap antann avèk lòt gwoup pou redwi konsekans yo pou kominote a. Sèvis lokal pou ka ijans yo ap kontakte, pou fè tan reyakson yo pa chanje. Kontraktè a pral travay pou redwi bwi lannwit ak deranjman. Chimen detou yo pral pataje avèk konpayi GPS, pou ede detounen trafik nan wout lokal yo.

**Konsekans sou Deplasman:** Pandan 4 - 5 mwa pon an ap fèmen nèt la, pral genyen siyal pou detounen trafik, otobis, bisiklèt, ak pyeton (gade nan pòtre pi ba la a). MassDOT ap fè aranjman avèk MBTA pandan pon an fèmen, epi wout yo ap fèmen peryodikman nan wikenn pou pèmèt altènativ nan sèvis otobis yo.

# Pwojè Ranplasman Pon MBTA ki Pase sou West Roxbury Parkway

## Konstriksyon


Pwojè a pral sèvi avèk teknik akselere pou bati pon, pou redwi konsekans nan sikilasyon ak pou kominote a. Pandan lane 2025 la, pral genyen peryòd yo fèmen twotwa yo peryodikman, pou twotwa fèmen sèlman sou yon sèl bò lari. Pral gen kote lajè pon an redwi tanporèman. Commuter Rail la pral bezwen fèmen pandan 2 - 3 wikenn, pou sipòte travay sou pon an ak pèmèt deplase sèvis akseswa yo. Pandan lane 2026 la, pon an pral fèmen pou tout trafik pandan 4 - 5 mwa. Commuter Rail la pral fèmen pandan 4 - 7 wikenn, sitou pandan peryòd pon an fèmen nèt la, pou pèmèt fini travay ki rete pou fè sou pon an, ak fin deplase sèvis akseswa yo.

**Prentan 2025**  
Travay konstriksyon yo ap kòmanse anlè pon an

**Otòn 2025**  
Travay konstriksyon anlè ak anba pon an

**Sezon Ete / Otòn 2026**  
Pon an ap fèmen pandan 4-5 mwa

**Sezon Ete 2027**  
Travay konstriksyon yo ap fini



## Kouman mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Ou mèt ale nan adrès entènèt pi ba la a pou jwenn plis detay, oswa pou siyen pou resevwa nouvo enfòmasyon ak avètisman nan kourye elektwonnik, ak pou gade dènye resous ki genyen nan West Roxbury Parkway sou Pwojè Ranplasman Pon MBTA a.

Adrès entènèt Pwojè a <https://www.mass.gov/west-roxbury-parkway-bridge-replacement>

Kourye elektwonnik Pwojè a [WestRoxPkwyBR@dot.state.ma.us](mailto:WestRoxPkwyBR@dot.state.ma.us)